

Konsantman Jeneral pou Granmoun / AOB

Konsantman Pasyan

*Mwen bay pèmasyon pou yo kontakte mwen ak/oswa Doktè Swen Prensipal mwen pou swivi tretman mwen. Yo enfòm m sou enpòtans kontak sa yo kòm mwayen pou amelyore kontinite swen mwen. Mwen konprann mwen gen dwa revoke konsantman sa a nenpòt ki lè.

*Mwen dakò pou m notife Peace River Center si adrès oswa nimewo telefòn mwen chanje.

*Mwen bay konsantman mwen pou Peace River Center ofri mwen sèvis.

*Mwen konprann mwen dwe enfòmè terapris prensipal mwen lè m ap resevwa lòt sèvis sante mantal, kit se andedan Peace River Center oswa nan men yon lòt pratikan deyò Sant lan.

*Mwen konprann si kounye a oswa pita mwen gen yon fanmi ki travay nan Peace River Center, li rekòmande fò m resevwa sèvis nan yon lòt founisè. Sepandan, mwen ka mande epi resevwa sèvis nan Peace River Center ak konpreyansyon ke ka mwen pap resevwa okenn tretman espesyal epi y ap jere li dapre règleman ak pwosedi nòmal yo.

*Mwen dakò pou yo pran foto mwen epi estoke li sou paj mwen nan Dosye Medikal Elektwonik Peace River Center.

***Mwen bay konsantman pou yo kontakte m nan metòd sa yo:** Telefòn, imel, tèks.

Mòd komunikasyon mwen prefere se (chwazi youn oswa plis): ___ Telefòn ___ Imel ___ Tèks ___ Okenn

*Mwen bay konsantman pou m resevwa apèl/tèks/imèl soti nan Peace River Center pou sèvis sante pwoteje mwen ak lòt sèvis nan enfòmasyon kontak mwen bay la, ki gen ladan nimewo mobil mwen. Mwen konprann founisè sèvis mobil mwen ka chaje m pou apèl sa yo epi apèl sa yo ka fèt atravè yon sistèm otomatik.

Mwen rekonèt mwen li konsantman mwen kòm yon pasyan Peace River Center epi mwen konprann yo. ___ Wi ___ Non

Rekonesans HIPAA

Mwen rekonèt yo te ban mwen yon kopi Avi Pratik Konfidansyalite Peace River Center la pou satisfè egzijans HIPAA anba 45 CFR 164.520 (c) (2) (I), epi mwen li (oswa mwen te gen opòtinite pou m li si m te vle) epi mwen konprann Avi sou Pratik Konfidansyalite a epi mwen dakò ak tèm li yo. ___ Wi ___ Non

Konsantman/Chwa Pou Soti nan Echanj Enfòmasyon Sante (HIE)

Peace River Center patisipe nan yon Echanj Enfòmasyon Sante (HIE), ki pèmèt enfòmasyon medikal ou disponib epi wè elektwonikman pa founisè swen sante ekstèn yo. HIE fèt pou bay aksè rapid ak dosye medikal yo pou fè tretman pi efikas. Nenpòt founisè swen sante ki otorize ak ekip medikal li ki dakò pou patisipe nan HIE ka elektwonikman jwenn aksè ak itilize enfòmasyon sante pwoteje w, si sa nesèsè, pou ba w tretman.

Patisipasyon nan HIE a se volontè. Ou pral enskri sof si ou chwazi sòti (opt-out). Ou ka chwazi sòti nenpòt ki lè. Yon desizyon pou sòti pap gen okenn efè sou benefis ou ka otreman merite; sepandan, ou pap kapab patisipe nan HIE.

Mwen dakò pou m patisipe nan sistèm echanj enfòmasyon sante yo. Mwen konprann mwen dwe bay otorizasyon alekri pou Peace River Center mande ak jwenn aksè ak enfòmasyon sante mwen atravè HIE. ___ Wi ___ Non

DEKLARASYON CHWA POU SOTI (OPT-OUT STATEMENT)

Mwen te reflechi sou si mwen vle pèmèt enfòmasyon sante mwen vizib nan sistèm echanj enfòmasyon sante (HIE) kote Peace River Center patisipe, epi mwen deside CHWAZI SOTI (OPT-OUT) epi PA pèmèt enfòmasyon sa yo vizib. Lè mwen chwazi soti nan HIE, mwen rekonèt epi mwen dakò ak sa ki annapre yo:

- Chwa pou soti sa a sèlman aplike pou pataj enfòmasyon sante atravè HIE. Founisè swen sante yo ka toujou gen aksè ak enfòmasyon sante mwen lè yo itilize lòt metòd tankou faks, telefòn, oswa lapòs.
- Lè mwen chwazi pa patisipe nan HIE, founisè swen sante mwen ki pa andedan Peace River Center PAP kapab chèche dosye mwen nan Peace River Center atravè HIE pandan y ap ofri m tretman.
- Mwen konprann ke si nenpòt enfòmasyon te deja pataje atravè HIE anvan mwen soumèt fòm chwa pou soti sa a, enfòmasyon sa yo ap rete nan men founisè ki te gen aksè a li anvan chwa pou soti sa a antre an aplikasyon.

Chwa mwen pou soti nan HIE a ap rete an aplikasyon jiskaske mwen enfòmè Peace River Center epi mwen konplete yon konsantman pou patisipe nan HIE, sa mwen ka fè nenpòt ki lè.

Dwa ak Privilèj Pasyan yo

Kòm yon pasyan Peace River Center, ou gen dwa sa yo:

1. Dwa pou yo trete w ak respè ak diyite tout tan.
2. Dwa pou resevwa tretman kalite.
3. Dwa pou jwenn aksè san diskriminasyon ak tretman, kèlkeswa ras, sèks, andikap, laj, oswa etnisite.
4. Dwa pou resevwa tretman endividalize, nan anviwònman ki pi fleksib la. Tretman an ap gen ladann yon plan tretman pèsonalize ki ap revize chak 6 mwa omwen.
5. Dwa pou w resevwa swen nan men anplwaye klinik ki gen bon jan kalifikasyon, ki konpetan epi ki gen eksperyans pou aplike epi sipèvize plan tretman mwen an.
6. Dwa pou depoze yon plent si mwen santi terapis mwen an pa aji nan enterè mwen.
7. Dwa pou mwen resevwa enfòmasyon nan men doktè oswa konseye mwen sou nenpòt pwosedi legal pou kenbe m kont volonte mwen.
8. Dwa pou mwen jwenn aksè ak dosye medikal mwen.
9. Dwa pou mwen pa sibi neglijan, esklavaj, abi vèbal, mantal, fizik, oswa seksyèl pandan mwen ap resevwa swen, tretman, oswa sèvis.
10. Dwa pou tout enfòmasyon sou mwen rete konfidansyèl eksepte nan sikonstans sa yo:
 - a. Lè gen yon menas pou fè mal ak yon lòt moun oswa ak tèt ou.
 - b. Lè gen sispèk oswa konesans sou abi (timoun, granmoun aje, moun ki andikape, elatriye.)
 - c. Lè gen yon lòd tribinal ki mande enfòmasyon yo
 - d. Lè gen yon ijans medikal.

* Mwen konprann ke eksepsyon sa yo obligatwa dapre lalwa.

* Mwen rekonèt ke mwen te li dwa ak privilèj mwen kòm yon pasyan Peace River Center epi mwen konprann yo.

* Mwen konprann mwen gen dwa rapòte nenpòt vyolasyon dwa pasyan mwen nan nimewo gratis pou anrejistreman abi ki endike la a: **Rejis Abi: 1-800-96-ABUSE**

* Mwen konprann dwa ak privilèj mwen ___ Wi ___ Non

Randevou Manke

Tout randevou yo dwe anile 24 èdtan anvan dat ak lè randevou ou. Si ou pa anile randevou ou, ou ka vin yon kliyan ki sèlman kapab sèvi kòm yon "walk-in".

Avi Ekri sou Règleman pou Zam yo

Li totalman entèdi pou w posede, estoke, ak transpòte nenpòt zam, oswa objè ki ka itilize kòm yon zam nan tout etablisman ak veyikil Sant Peace River yo. Tèm "zam" konte ladan, men li pa limite ak: tout atik ki ka tire yon pwojekt, sa gen ladan ti zam, manch long, ak fizi ; zam yo simile oswa aparèy ki fonksyone ak gaz oswa lè konprime; kouto ki gen lam ak resò, kouto ki ouvri deyò oswa anba, oswa nenpòt lòt kouto; eksplozif, atik ki ka mete dife, ak minisyon; atik tankou sa yo mete pou bay kout pwen, baton yo jwe nan sab, fistibal, oswa nenpòt enstriman ki ka itilize kòm yon baton oswa pou menase oswa pou blese lòt moun. Règleman sa la pou asire sekirite ak byennèt endividwi n ap sèvi yo, vizitè ak manm ekip yo. Moun k ap benefisye sèvis yo e ki pa respekte politik sa ap oblije kite espas la imedyatman epi ranje objè entèdi yo. Si moun nan refize, manm ekip yo ap oblije kontakte fòs lòd yo pou yo ka jere sa.

Sèvis ki Fè Pati Bòdwo

Tout sèvis yo ka fè pati bòdwo. Se pa tout sèvis ki fèt jou randevou ou ke Resistrè a kapab konnen jiskaske klinisyen an oswa doktè a konplete fòm nesèsè yo epi soumèt bòdwo a pou sèvis yo. Sèvis sa yo ap parèt sou relevé kont chak mwa ou epi yo dwe peye lè yo resevwa yo.

Akò Finansye

An konsiderasyon pou sèvis ki dwe bay kliyan an, mwen pwomèt pèsònèlman pou mwen peye kont kliyan an dapre tarif ki endike nan lis pri Peace River Center (PRC) la (yo rele l "Charge Master") ki ap aplike sou dat kote chaj la trete pou sèvis ki bay la. Tarif sa yo entegre pa referans kòm tèm pri akò sa a pou peye kont kliyan an. Genyen kèk atik espesyal ki ka genyen pri separe si pa gen pri ki make sou "Charge Master" la, oswa si chaj la afiche kòm zewo. Yo ka ban mwen yon estimasyon sou depans ki prevwa pou sèvis yo si mwen mande PRC. Sepandan, estimasyon sa yo ka varye anpil ak depans final yo akòz plizyè faktè, tankou men pa limite ak dire tretman an, entansite swen an, pratik doktè a, ak nesèsite pou bay lòt byen ak sèvis.

Si yo ban mwen founiti ak sèvis epi mwen gen kouvèti atravè yon pwogram gouvènman an oswa plan asirans sante prive, PRC ka aksepte yon peman rabese pou founiti ak sèvis sa yo. Nan ka sa a, nenpòt peman mwen dwe fè ap detèmine selon tèm pwogram gouvènman an oswa plan asirans prive mwen an. Si mwen pa gen asirans epi mwen pa kouvri pa yon pwogram gouvènman an, mwen ka elijib pou mwen benefisye rabè sou kont mwen oswa pou kont mwen an ka efase selon politik PRC sou koleksyon peman pou moun k ap peye tèt yo ki ap aplike nan moman tretman an. Mwen ka mande PRC enfòmasyon sou politik sa a.

Kòm yon sèvis pou mwen, PRC ka voye bòdwo bay konpayi asirans mwen an, men yo pa oblije fè sa. Kèlkeswa sa, mwen dakò ke eksepte kote lalwa entèdi sa, responsablite finansye pou sèvis yo bay yo se pa mwen, siyatè dokiman sa a. Mwen dakò pou mwen peye tout sèvis ki pa kouvri pa konpayi asirans mwen an, sa enkli men pa limite ak: ko-peman, fran-chiz, benefis ki pa kouvri akòz limit politik oswa eksepsyon politik, epi echèk pou mwen swiv egzijans plan asirans mwen an. Mwen dakò tou ke si PRC oblije demare efò koleksyon pou rekipere lajan mwen dwe yo, anplis kantite lajan mwen dwe pou sèvis yo bay yo, mwen ap peye: (a) tout frè PRC depanse pou koleksyon, enkli men pa limite ak frè avoka rezonab, epi (b) tout frè tribinal oswa lòt frè litij ke règ oswa lwa ki aplikab yo pèmèt PRC rekipere. Mwen otorize PRC pou yo jwenn rapò konsomatè sou mwen atravè youn oswa plis ajans rapò sou konsomatè. Mwen konprann ke PRC ka jwenn rapò konsomatè sou mwen san pèmisyon ekri mwen nan sèten sikonstans ke lalwa pèmèt.

Asiyasyon Benefis yo

Lè mwen siyen dokiman sa a, mwen otorize konpayi asirans sante mwen an oswa nenpòt lòt plan benefis sante ki kouvri mwen (enkli, men pa limite ak nenpòt plan patwone oswa ofri pa yon anplwayè, gwoup anplwayè oswa trust) pou li peye PRC dirèkteman pou sèvis PRC te bay pasyan an pandan admisyon sa a. An retou pou sèvis PRC te bay yo ak sèvis PRC pral kontinye bay, mwen irrevokablman siyen ak transfere bay PRC tout dwa, tit, ak enterè nan tout benefis ki dwe peye pou swen sante ki bay, ki enkli nan nenpòt ak tout polis asirans ak plan benefis sante kote mwen gen dwa resevwa sèvis oswa mwen gen dwa rekipere lajan. Mwen konprann ke nenpòt peman ki resevwa atravè polis sa yo ak/oswa plan sa yo ap aplike sou kantite lajan mwen te dakò pou mwen peye pou sèvis ki bay pandan admisyon sa a, jan sa dekri pi lwen nan seksyon Akò Finansye a. Siyen benefis sa a fèt pou bay PRC yon dwa rekipasyon endepandan kont konpayi asirans mwen an oswa plan benefis sante mwen an, men li pa dwe entèprete kòm yon obligasyon pou PRC pouswiv okenn dwa

rekiperasyon konsa. Nan okenn sikonstans PRC pa ap kenbe benefis ki depase kantite lajan mwen dwe PRC pou swen ak tretman ki te bay pandan admisyon an. Si yon twazyèm pati peye (tankou yon konpayi asirans, gwoup anplwayè, trust ki patwone oswa ofri plan) ka oblije peye tout oswa yon pati nan chaj sa yo, mwen dakò pou mwen pran tout aksyon ki nesese pou ede PRC kolekte peman nan men twazyèm pati peye sa a. Mwen otorize PRC kòm reprezantan otorize mwen pou l pouswiv, si li chwazi fè sa, tout remèd administratif, reklamasyon ak/oswa pwosè nan non mwen, epi selon chwa PRC, kont nenpòt twazyèm pati ki responsab, konpayi asirans medikal, oswa plan benefis sante patwone pa anplwayè pou kolekte nenpòt ak tout benefis PRC ki dwe mwen pou peman chaj ki refere yo nan seksyon Akò Finansye a. Si PRC chwazi pouswiv yon reklamasyon oswa yon pwosè kont yon twazyèm pati peye kòm reprezantan otorize, mwen dakò pou mwen siyen yon pouvwa espesyal si yo mande sa, otorize PRC pran tout aksyon nesese oswa apwopriye nan pouswit reklamasyon oswa pwosè sa a, sa ki enkli pèmèt PRC pote pwosè kont twazyèm pati peye a nan non mwen. Mwen dakò pou mwen remèt PRC san pèdi tan tout lajan mwen rekipere nan nenpòt reklamasyon oswa pwosè PRC pote nan non mwen (jiska kantite chaj PRC yo, plis depans ak frè avoka).

Mwen li dokiman sa a epi yo te ban mwen opòtinite pou mwen poze kesyon sou siyen benefis sa yo. Wi Non

Kliyan an ap patisipe nan sèvis sibvansyone pa SAMHSA? Wi Non

Si repons lan se non, souple pase seksyon sa a.

Lè mwen siyen Konsantman pou Tretman sa a, mwen bay konsantman mwen pou mwen patisipe nan sèvis entèvansyon ki finanse pa SAMHSA pou ede nan angajman ak retansyon mwen nan sèvis tretman sante mantal yo. Pwogram sa a finanse pa yon sibvansyon ak Administrasyon Sèvis Abi Sibstans ak Sante Mantal, epi kòm sa yo, yo kolekte done kòm yon pati nan pwogram nan. Mwen bay konsantman mwen pou koleksyon done sa yo ak bay Administrasyon Sèvis Abi Sibstans ak Sante Mantal enfòmasyon sou done yo pou objektif swiv grant la ak koleksyon rezilta anonim.

Mwen siyen dokiman sa a lib e san okenn fòs kote, eksepte resevwa sèvis PRC yo.

Wi Non

Non Pasyan

Dat Nesans

Nimewo Sekirite Sosyal

Siyati Pasyan oubyen Gadyen

Dat

Siyati Temwen

Dat